

RAGAM BASA BOCAH BALITA ING TK AL-HIDAYAH WONOREJO II KECAMATAN SRENGAT KABUPATEN BLITAR TINTINGAN SOSIOPRAGMATIK

Badrina Nur Nafisah, Prof. Dr. Udjang Pairin, M.Pd
Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya
email : badrinanafisah97@gmail.com

Abstrak

Basa minangka piranti kang wigati kanggo sesambungan. Kanthi anane sesambungan mula nuwuh anane ragam basa. Ragam basa yaiku maneka warna variasi basa kang disebabake amarga anane panutur sing ora homogen lan maneka interaksi sosial kang dilakoni. Ragam basa kasebut bisa ditemokake sajrone tuturane bocah balita ing TK AL-Hidayah Wonorejo II Kecamatan Srengat Kabupaten Blitar.

Adhedhasar andharan kasebut punjere panliten iki yaiku (1) Ragam basa apa wae kang digunakake bocah balita ing TK AL-Hidayah Wonorejo II Kecamatan Srengat Kabupaten Blitar? (2) Tembung (diksi) apa wae kang digunakake sajrone cecaturane bocah balita ing TK AL-Hidayah Wonorejo II Kecamatan Srengat Kabupaten Blitar? (3) Kepriye tata pangucap tembung kang digunakake sajrone cecaturane bocah balita ing TK AL-Hidayah Wonorejo II, lan (4) Apa wae tujuwan panganggone basa kang digunakake bocah balita nalika cecaturan karo mitra tuturane ing TK AL-Hidayah Wonorejo II?

Panliten iki kagolong panliten basa kang asipat deskriptif kualitatif. Sumber dhata sajrone panliten iki arupa tuturane bocah balita TK AL-Hidayah Wonorejo II. Panliten iki nggunakake metode simak kanggo nglumpukake dhata. Teori kang digunakake sajrone panliten iki yaiku teori sosiopragmatik.

Asil saka panliten iki yaiku (1) Ragam basa kang digunakake dening bocah balita ing TK AL-Hidayah Wonorejo II yaiku ragam Jawa-Indonesia, Indonesia-Jawa, Arab-Jawa, Jawa-Inggris, Indonesia-Inggris, ragam kasar lan ragam dialek. (2) Tembung kang digunakake dening bocah balita kasebut yaiku niru panganggone tembung wong kang ana sakiwa tengene. (3) Tata pangucap bocah balita ing TK kasebut, saperangan isih durung sampurna. Prekara kasebut bisa dideleng nalika saperangan bocah balita ngucapake fonem /r/ dadi /l/, /l/ dadi /r/, /s/ dadi /c/, /dh/ dadi /t/, lan s/ dadi /ts/. (4) Tujuwan panganggone basa kang digunakake bocah balita kasebut nalika cecaturan karo mitra tuturane yaiku tujuwan berita (*deklaratif*), pitakon (*interogatif*), lan pakon (*imperatif*).

Tembung-tembung sing wigati: Ragam Basa, Bocah Balita, Sosiopragmatik.

PURWAKA

Landhesane Panliten

Nalika nglakoni sesambungan, basa bisa awujud lisan, tulisan, uga salah bawa tartamtu. Prekara kasebut slaras karo andharane (Chaer, 1995:27), kang nyebutake yen piranti kang digunakake kanggo komunikasi arupa basa (minangka sistem lambang), tandha-tandha, lan salah bawane awak. Kanthi mangkono bisa didudut yen panganggone basa saliyané ditemtokake karo faktor-faktor linguistik, nanging uga faktor nonlinguistik. Faktor nonlinguistik ing kene arupa faktor situasi lan faktor-faktor situasional (Suwito, 1985:23). Kaloro faktor kasebut ing panganggone basa bakal nuwuhake variasi basa (Poedjosoedarmo sajrone Suwito, 1985:23). Wujud variasi basa iku warna-warna, salah siji wujudé yaiku ragam basa.

Ragam basa tuwuh amarga anane keragaman sosial lan fungsi basa. Ragam basa miturut panganggone ana ragam tulis lan lisan. Ragam lisan minangka ragam basa kang paling kerep digunakake nalika sesambungan karo liyan. Nalika sesambungan nggunakake ragam lisan, saliyané nggunakake basa verbal, panutur kadhangkala uga nggunakake basa nonverbal kanggo nyengkuyung basa verbal kang dituturake. Kanthi mangkono maksud tuturan bisa luwih ditampa dening mitra tutur.

Penganggone basa sajrone komunikasi ing kahanan kang umum minangka bidhang tintingan pragmatik umum (Zamzani, 2007:20). Nanging, amarga panganggone basa ora mung ditemtokake karo faktor-faktor linguistik wae, nanging uga faktor nonlinguistik mula panganggone basa kanggo sesambungan kang nitingi kahanan sosial lan budaya (kultural) kang asipat mligi ditintingi nggunakake tintingan sosiopragmatik. Prekara kasebut slaras karo andharane Zamzani (2007:20-21), kang ngandharake yen panganggone basa sajrone komunikasi gegayutan uga

karo faktor-faktor nonbasa minangka kahanan sosial lan budaya lokal kang asipat spesifik, iku dadi bidhang garapane kajian sosiopragmatik. Saliyane kuwi prekara kasebut uga selaras karo andharane Tarigan (2009:25), kang ngandharake yen sosiopragmatik yaiku telaah ngenani kahanan-kahanan kang ana ing dhaerah tartamtu utawa kahanan-kahanan lokal kang luwih mligi ngenani panganggone basa.

Underane Panliten

- (1) Ragam basa apa wae kang digunakake bocah balita ing TK AL-Hidayah Wonorejo II Kecamatan Srengat Kabupaten Blitar?
- (2) Tembung apa wae (diksi) kang digunakake sajrone cecaturane bocah balita ing TK AL-Hidayah Wonorejo II Kecamatan Srengat Kabupaten Blitar?
- (3) Kepriye tata pangucapane tembung kang diucapake bocah balita nalika cecaturane karo mitra tuture ing TK AL-Hidayah Wonorejo II Kecamatan Srengat Kabupaten Blitar?
- (4) Apa wae tujuwan panganggone basa kang digunakake sajrone cecaturane bocah balita ing TK AL-Hidayah Wonorejo II Kecamatan Srengat Kabupaten Blitar?

Ancase Panliten

- (1) Kanggo ngandharake ragam basa kang digunakake bocah balita ing TK AL-Hidayah Wonorejo II Kecamatan Srengat Kabupaten Blitar.
- (2) Kanggo ngandharake tembung (diksi) kang digunakake sajrone cecaturane bocah balita ing TK AL-Hidayah Wonorejo II Kecamatan Srengat Kabupaten Blitar.
- (3) Kanggo ngandharake tata pangucapane tembung kang digunakake bocah balita nalika cecaturan karo mitra tuture ing TK AL-Hidayah Wonorejo II Kecamatan Srengat Kabupaten Blitar.
- (4) Kanggo ngandharake tujuwan panganggone basa kang digunakake sajrone cecaturane bocah balita ing TK AL-Hidayah Wonorejo II Kecamatan Srengat Kabupaten Blitar.

Paedahe Panliten

Paedah teoritis ing panliten iki yaiku kanthi nggunakake teori sajrone panliten, diajab bisa nyengkuyung para panliti kang nggunakake kajian sosiopragmatik, mligine ngenani ragam basa kang ana ing dhaerah tartamtu. Paedah praktis saka panliten iki, kanthi anane panliten ngenani ragam basane bocah balita ing TK AL-Hidayah Wonorejo II Kecamatan Srengat Kabupaten Blitar diajab supaya panliten kang ana menehi paedah tumrap panliti. Kanthi anane panliten kasebut panliti diajab supaya luwih bisa nregani lan nggunakake ragam basa selaras karo konteks basa kang ana. Panliten iki diajab supaya bisa dadi wawasan tumrap para mahasiswa lan nuwuhake inspirasi kanggo ngliti ngenani babagan ragam basa kang mawarna ing masarakat.

Panjentrehing Tembung

- (1) **Ragam Basa** yaiku maneka warna variasi basa kang disebabake amarga anane panutur sing ora homogen lan maneka warna interaksi sosial kang dilakoni (Chaer lan Agustina, 1995:81).
- (2) **Balita** yaiku bocah kang duweni umur nol nganti limang taun..
- (3) **Sosiopragmatik** yaiku cabang pragmatik umum kang nelaah ngenani kahanan sosial lan kahanan budaya lokal kang luwih mligi ngenani panganggone basa.

Ragam Basa

Ragam basa dumadi amarga anane masarakat lan kagiyatan interaksi sosial kang maneka warna. Kanthi mangkono, panganggone basa dadi mawarna-warna. Ana rong pandhangan ing ragam basa yaiku, (1) ragam basa iku bisa dideleng minangka akibat saka anane keragaman sosial panutur basa lan keragaman fungsi basa, (2) ragam basa iku ana kanggo jangkapi fungsi basa minangka piranti interaksi sajrone kagiyatan ing masarakat kang maneka warna (Chaer lan Agustina, 1995:81). Miturut ahli kasebut, ragam basa diperang dadi papat, yaiku ragam saka segi panutur, panganggone, keformalane, sarta ragam basa saka segi sarana.

Sosiopragmatik

Rahardi (2009:4), ngandharake yen kajian sosiopragmatik iku nyata minangka kajian tumrap *entitas* kabasan kang nggabungake ancangan panulisan sosiolinguistik lan ancangan pragmatik sajrone wadhah lan lingkup kabudayan utawa cakupan *kultur* tartamtu. Dene miturut Tarigan (2009:25), sosiopragmatik minangka telaah ngenani kahanan-kahanan '*setempat*' utawa kahanan-kahanan '*lokal*' kang luwih mligi ngenani panganggone basa. Zamzani (2007:21), ngandharake yen sosiopragmatik iku cabang pragmatik umum kang titingane ngabotake marang aspek nonlinguistik, winates ing panganggone basa sajrone kaanan sosial tartamtu, lan kaiket dening cecaturan lokal.

Adhedhasar andharane para ahli ing dhuwur bisa didudut yen sosiopragmatik yaiku cabang pragmatik umum kang kajiane nelaah ngenani kahanan-kahanan masarakat lan budaya lokal kang ana sawijine panggonan kang luwih mligi ngenani panganggone basa.

Tutur Bocah

Umur minangka salah siji faktor kang mratandhani tuwuhe variasi basa kang digunakake pawongan. Faktor kang nyebabake anane dialek minangka variasi basa ana papat, yaiku (1) umur kang padha, (2) pengalaman bebarengan sajrone ngadhepi sawijine tantangan, (3) status sosial tartamtu, lan (4) anane tujuwan urip kang beda. Kanthi anane umur, masarakat bisa diklompokake dadi telu, yaiku kanak-kanak, rumaja, lan diwasa. Tuture bocah duweni kekhasan kang mbedakake karo trap-trapan umur

sadhuwure. Pambada antarane trap-trapan umur kasebut kayata aspek verbal, tata ucap, lan kinetik.

Ragam kang digunakake dening bocah balita kasebut isih sederhana banget, mung nggunakake tembung-tembung tartamtu ing tuturane. Miturut Sumarsono (2010:136), basa bocah iku ing wiwitan pangrembakane duweni titikan kayata anane *penyusutan (reduksi)* ing perangan *fungtor* (tembung panggawe) kaya *kata depan, kata sambung, partikel*, lsp. Miturut ahli kasebut tembung kang isih tetep digunakake dening bocah kasebut yaiku tembung kang kagolong *kontentif (kata penuh)*. Prekara kasebut amarga anane pangrembakan saka segi pisik, psikis, lan lingkungan kang ana sakiwa tengene. Nalika umure wis ngancik papat nganti limang taunan, tembung kang digunakake bocah balita kasebut akeh-akehe kaya kang diucapake dening trap-trapan umur saduwure. Tembung kang diucapake bocah balita kasebut wis duweni wujud, makna lan fungsi tartamtu. Miturut Zamzani (2007:32) katelu aspek kasebut (wujud, makna lan fungsi) dimanfaatake kanggo deleng tumindak verbal. Miturut Keraf (1970:174), wujud-wujud basa (ukara) bisa diperang adhedhasar pambada situwasi lan wujud mligi kang digunakake. Miturut ahli kasebut, ukara tunggal bisa diperang dari telu, yaiku ukara *berita*, ukara pitakon, lan ukara pakon.

Miturut Sumarsono (2010:137), titikan umum tuture bocah-bocah ditindingi saka segi fonologi, yaiku swara kang metu saka pangucap bocah balita yaiku swara bilabial. Miturut Surana (2007:19), labial yaiku bunyi kang diasilake lambe. Saliyane bunyi bilabial, bunyi kang kerep diswarakake dening bocah balita yaiku bunyi kang bisa dilafalake slaras karo kabisan alat pangucap, kaya hurub /r/ diucapake //, hurub /s/ diucapake /c/, lsp.

Saliyane nggunakake wujud verbal, komunikasine manungsa iku kadhangkala uga nggunakake aspek nonverbal. Miturut ahli kasebut wujud saka basa kinetik iku maneka warna, tuladhane manthuk, eseman, gedhek, lirikane mata, lsp.

Lelandhesane Teori

Panliten iki nggunakake dhasar teorine Tarigan (2009) kanggo eneran nggarap panliten ngenani sosiopragmatik. Saliyane kuwi panliten iki uga nggunakake teorine Chaer lan Agustina (2004) kanggo nintingi ragam basa kang ana ing tuturane bocah balita kang dadi objek panliten. Kanggo nintingi tembung kang diucapake dening bocah balita nggunakake teorine Keraf (1970). Dene tata pangucap tembung nggunakake teorine Sumarsono (2010).

METODHE PANLITEN

Rancangan Panliten

Panliten ngenani ragam basa balita ing tlatah Blitar iki nggunakake rancangan deskriptif kualitatif. Deskriptif kualitatif yaiku panliten kang mung nengenake kanyatan-kanyatan utawa tandha-tandha empiris kang urip ing pribadhine panutur (Sudaryanto, 1993:62). Panliti nggunakake metodhe kasebut

nduweni maksud yen panliten kang dilakoni adhedhasar kanyatan lan fenomena empiris kang ana ing dhirine panutur, deskriptif ing kene asipat alamiah.

Sumber Dhata lan Dhata Panliten

Sumber dhata sajrone panliten iki yaiku tuturane bocah balita umur 4-5 taun lanang (BL) lan wadon (BW) ing sekolahan TK AL-Hidayah Wonorejo II Srengat Blitar klas nol kecil uga nol besar kang cacah ana 35 siswa. Dhata saka panliten iki arupa ukara-ukara, tembung, istilah kang diucapake bocah kasebut nalika cecaturan karo kanca, ibu, sarta gurune nalika ana ing jero lan jaba kelas.

Instrumen Panliten

Instrumen utawa piranti kangge nglumpukake dhata ing panliten iki ana rong warna, yaiku instrumen utama lan panyengkuyung. Instrumen utama sajrone panliten iki yaiku panliti. Dene instrumen kang nyengkuyung yaiku piranti-piranti kang digunakake kanggo mikoleh dhata-dhata nalika ing lapangan. Piranti kasebut awujud piranti kanggo ngrekam (HP) lan piranti kanggo nyathet, arupa buku lan pulpen.

Tatacara Nglumpukake Dhata

Panliten iki nggunakake metodhe simak kanggo ngumpulake dhata kang ana ing lapangan. Miturut Sudaryanto (1993:132), metode simak yaiku metodhe kang digunakake kanggo nyedhiyakake dhata kanthi cara panliti nglakoni tumindak nyemak penganggone basa. Miturut Mahsun (2014:93), metodhe iki duweni teknik dhasar, yaiku teknik sadhap lan duweni teknik bacutan yaiku teknik simak bebas libat cakap lan teknik simak libat cakap, cathet, lan rekam.

Tata cara nglumpukake dhata ing panliten iki yaiku:

- (1) Ngrekam tuturane bocah balita ing TK Al-Hidayah Wonorejo II.
- (2) Yenta nalika ngrekam, ana tuturan kang dirasa ora bisa dijangkau dening panliti nggunakake rekamane, mula ing kene nggunakake teknik cathet kanggo mikoleh dhata.
- (3) Nalika ngrekam, kadhangkala panliti uga nggunakake teknik simak libat cakap kanggo mikoleh dhata saka panutur. Nanging sing baku nalika ngrekam lan nyathet dhata panliti nggunakake teknik simak bebas libat cakap amarga supaya dhata kang dipikoleh apa anane kaya kang ana ing lapangan.

Tatacara Nganalisis Dhata

- (1) Nglumpukake dhata saka rekaman HP lan cathetan.
- (2) Dhata kang arupa swara saka rekaman HP ditranskrip dadi tulisan.
- (3) Nyeleksi sakabehe dhata kang ana, dhata kang dipilih kang ana sambung rapete karo underan kang ana.
- (4) Menehi kodhe marang dhata-dhata kasebut.

- (5) Banjur dhata kasebut dianalisis nggunakake teori kang cocog karo masalah kang ana.

Tatacara Nyuguhake Dhata

Tata cara nulis asile panliten ngenani ragam basane bocah balita ing tlatah Blitar disuguhake kanthi limang perangan kaya kaandhar ing ngisor iki, kang kajlentreh ing bab-bab.

- (1) Landhesane panliten, underane panliten, ancane panliten, paedhahe panliten, wewatesane panliten, panjlentrehe tembung kang digunakake ing panliten ing diandharake ing bab I.
- (2) Kanggo nganalisis dhata-dhata kang ana nggunakake teori-teori kang kang ana sambung rapete karo panliten yaiku, teori basa lan masarakat, ragam basa, sosiopragmatik, tutur bocah, lan panliten saemper kang diandharake ing bab II.
- (3) Methodhe kang digunakake sajrone panliten diandharake ing bab III. Bab III kasebut isine ngenani rancangan panliten, dhata lan sumber dhata kang diteliti, instrumen panliten lan tata cara nglumpukake dhata, nganalisis dhata, lan nyuguhake dhata.
- (4) Dene asil saka analisis dhata kang nggunakake teori-teori kang diandharake sadurunge, bakal diandharake ing bab IV. Ing kono bakal kajlentreh subab-subab asil panliten lan jlentrehan kang arupa tembung-tembung kang lumrah (deskripsi).
- (5) Dene dudutan saka sakabehane panliten bakal diandharake ing bab V. Ing kono diandharake dudutan sarta pamrayoga saka panliten kang wis dileksanakake.

ANDHARAN LAN ASILE PANLITEN

Asile panliten ngenani “Ragam Basa Balita Ing TK AL-Hidayah Wonorejo II Kecamatan Srengat Kabupaten Blitar” bakal diandharake kaya ing ngisor iki.

Ragam Basa kang digunakake Bocah Balita ing TK AL-Hidayah Wonorejo II Kecamatan Srengat Kabupaten Blitar

Sawise nglumpulake dhata ngenani ragam basa balita ing TK AL-Hidayah Wonorejo II Kecamatan Srengat Kabupaten Blitar, saperangan dhata nuduhake anane ragam basa kang digunakake bocah balita sajrone tuturane. Ragam basa kasebut ing antarane ragam Jawa-Indonesia, Indonesia-Jawa, Arab-Jawa, Jawa-Inggris, Indonesia-Inggris, ragam kasar lan ragam dialek. Ragam-ragam kasebut bakal kaandhar ing ngisor iki.

Ragam Jawa-Indonesia

Peristiwa Tutur 1 (LD. I, kaca 103)

BL1: Ayo Ton, sampek *penuh* sik, *biar penuh* sik ndhuwur.
(Ayo Ton, sampai *penuh* dulu, *biar penuh* dulu atas)

BL2: *Penuh* alo.
(*Penuh itu lho*)

BL1: Wis?
(*Sudah*)

BL2&3: Wis.
(*Sudah*)

Dhata (1) kasebut minangka pacaturane bocah balita lanang Faza, Alex, lan Anton. Bocah balita kasebut umure antarane papat nganti limang taunan kang manggon ing kelas nol kecil lan nol besar. Bocah balita kasebut nggunakake ragam Jawa-Indonesia sajrone tuturane. Ragam kasebut diucapake nalika bocah balita kasebut dolanan plurutan ing plataran sekolahan. Nalika (BL1) kang jenenge Faza ngajak kancane (BL3) kang jenenge Anton supaya gabung karo dheweke dolanan plurutan, dheweke nggunakake ragam Jawa-Indonesia sajrone tuturane. Saliyane bocah balita lanang (BL1) kang nggunakake ragam kasebut, ing kene bocah balita lanang (BL2) uga nggunakake tuturan kang padha nalika menahi ngerti ngenani kahanane plurutan marang bocah balita lanang (BL1) kang kepengin cepet mlurut. Tuturan kang nuduhake yen bocah balita kasebut nggunakake ragam kasebut kayata ukara ‘Ayo Ton, sampek *penuh* sik, *biar penuh* sik ndhuwur’, ‘Penuh alo’. Ukara- ukara kasebut minangka tuturane bocah balita lanang (BL1) lan (BL2) kang kasusun saka ragam Jawa lan Indonesia. Ragam Jawa ing kene minangka ragam basa dhasar kang digunakake bocah balita nalika cecaturan karo mitra tuture, dene ragam Indonesia minangka ragam basa kaloro kang digunakake bocah balita kasebut ing tuturane. Ragam Indonesia kang ana ukara kasebut kaya tembung ‘*penuh*’ lan ‘*biar*’ kang dituturake ing sela-selane nuturake ragam Jawa nalika cecaturan karo mitra tuture. Tuturan kang diucapake dening (BL1) ukara ‘Ayo Ton, sampek *penuh* sik, *biar penuh* sik ndhuwur’, kasebut duweni maksud ngajak kancane supaya gabung dolanan plurutan nanging bocah balita kasebut uga menahi peringatan supaya aja mlurut dhisik sadurunge panggonan plurutane kebak. Tuturan kasebut ditujokake marang Anton. Dene bocah balita lanang (BL2) nggunakake ragam kasebut ing tuturane maksude kanggo menahi warta marang Faza (BL1), yen kahanane plurutan wis kebak. Mula rombongane bocah kang ana ing plurutan wis bisa mlurut. Kahanan nalika bocah balita kasebut nuturake ragam kasebut kanthi nadha kang dhuwur, nanging emosine stabil.

Ragam Indonesia-Jawa

Peristiwa 2 (LD. II, kaca 104)

BL1: Angkot...angkot...ada penumpang jalan. Duduka sik! Naik angkot i kudu duduk!
(*Angkot..angkot...ada penumpang,jalan. Duduklah dulu! Naik angkot itu harus*)

duduk!)

Dhata (2) kasebut minangka tuturane bocah balita lanang kang jenenge Faza kang nggunakake ragam Indonesia-Jawa sajrone tuturane. Bocah balita lanang kasebut kelas nol besar kang umure kurang luwih limang taunan. Bocah balita kasebut lagi dolanan angkot-angkotan ing plataran sekolahan nggunakake salah siji wahana dolanan TK. Nalika dolanan, bocah balita kasebut nggunakake ragam nggunakake ragam Indonesia-Jawa sajrone tuturane. Tuturan kang nuduhake yen bocah balita nggunakake ragam Indonesia-Jawa ing tuturane yaiku ‘Duduka sik! Naik angkot i kudu duduk!’. Ragam Indonesia ing tuturane bocah balita kasebut minangka basa dhasar kanggo cecaturan, dene basa Jawa minangka basa kaloro kang diucapake bocah balita sawise basa Indonesia. Ragam Jawa kang digunakake dening bocah balita kasebut kayata tembung *sik, i lan kudu*. Bocah balita kasebut nggunakake ragam Indonesia-Jawa ing tuturane amarga kanggo maksud tartamtu. Ragam kasebut dituturake dening bocah balita lanang (BL1), duweni maksud supaya mitra tutur kang dijak omong mangerteni maksud kang dikarepake dening bocah balita kasebut. Ragam kasebut dituturake amarga mitra tutur kang ana sandhinge ora mangerteni basa kinesik kang disampekake dening bocah balita lanang kasebut. Mula dheweke njlentrehake nggunakake ukara lisan nggunakake ragam basa kang kerep digunakake dheweke uga mitra tuture. Kahanan nalika bocah kasebut nuturake ragam kasebut kanthi emosi.

Ragam Jawa-Arab

Peristiwa Tutur 3 (LD. XI, kaca 111)

BW1: *Assalamualaikum.*

(Assalamualaikum)

BW2: *Walaikum salam,*
mangga didahar!

(Walaikum salam,
silahkan dimakan)

Dhata (3) kasebut minangka tuturane bocah balita wadon kang jenenge Titis lan Sinta kang nggunakake ragam Jawa-Arab sajrone tuturane. Kaloro bocah balita kasebut umure kurang luwih limang taunan saka kelas nol besar. Dhata kasebut minangka tuturane bocah balita nalika dolanan tamu-tamuan ing ruwang kelas nalika wektu ngaso. Tuturan kang nuduhake yen bocah balita kasebut nggunakake ragam Arab-Jawa yaiku ‘*Assalamualaikum*’ lan ‘*Walaikum salam, mangga didahar!*’. Ragam Jawa ing kene minangka ragam dhasar kanggo cecaturane bocah balita kasebut, dene ragam Arab minangka ragam kaloro kanggo cecaturan dening bocah balita kasebut. Ragam Arab sajrone cecaturane bocah balita kasebut yaiku ‘*waalaikum salam, mangga didahar!*’ kang dituturake dening bocah balita wadon (BW2) sajrone tuturane kang nggunakake ragam Jawa. Bocah balita kasebut nggunakake kasebut sajrone tuturane duweni maksude kanggo nuduhake marang wong kang ana sakiwa tengene yen dheweke ngetrapake sopan-santune nalika

mertamu kang diwulangake dening wong tuwa sarta bapak ibu gurune. Mula bocah balita kasebut ngetrapake piwulangan kang ana tumrap dolanan mertamu-mertamaan kang dilakoni nalika wektu ngaso karo kanca-kancane. Kahanane nalika bocah balita kasebut cecaturan yaiku tenang lan stabil.

Ragam Jawa-Inggris

Peristiwa Tutur 4 (LD. XIII, kaca 112)

BL: *Minggir Sa, minggir*

Sa... one two tree.

(Ke tepi Sa, ke tepi

Sa...satu dua tiga)

BW: *Hueh mlorot hoeh.*

(Hueh melorot hoeh)

Dhata (4) kasebut minangka tuturane bocah balita lanang lan wadon kang jenenge Faza lan Fifin nalika dolanan bandhulan ing plataran sekolahan. Nalika arep nglakokake bandhulan, bocah balita kasebut ngucapake tuturan kanthi nggunakake ragam Jawa-Inggris. Bocah balita kasebut umure kurang luwih limang taunan kang manggon ing kelas nol besar. Tuturan kang nuduhake yen bocah balita kasebut nggunakake ragam Jawa-Inggris yaiku ‘*Minggir Sa, minggir Sa... one two tree*’. Ukara kang dituturake bocah balita kasebut kasusun saka ragam Jawa-Inggris. Ragam Inggris ing kene yaiku tembung ‘*one two tree*’. Tembung ‘*one two tree*’ kasebut minangka tembung Inggris kang arupa tembung wilangan. Tuturan kasebut dituturake dening bocah balita lanang kasebut maksude kanggo menahi aba-aba marang kanca-kancane supaya siyap nalika numpaki bandhulan kang arep dilakokake. Kanthi mangkono mitra tutur kang lungguh ing bandhulan supaya siyap disurung kanthi jaga keslametane. Ragam kasebut digunakake bocah balita ing tuturane ancasa supaya mitra tutur kang dituju supaya luwih ketarik kawigatene marang tuturan kang ana, kanthi mangkono maksud tuturane panutur bisa teka marang mitra tuture. Ragam kasebut bisa digunakake ing tuturane bocah balita kasebut amarga kepangaribawan piwulangan kang ana ing kelas. Kahanane nalika bocah balita kasebut nuturake ukara kasebut kanthi nggunakake nada kang banter, nanging ora emosi.

Ragam Indonesia-Inggris

Peristiwa Tutur 5 (LD. III, kaca 105)

BL1: *Stop-stop mau turun*

mau...

(Berhenti-berhenti

mau turun mau...)

Dhata (5) kasebut nuduhake yen salah siji murid bocah balita lanang kang umure limang taunan saka kelas nol besar kang jenenge Faza nggunakake ragam Indonesia-Inggris sajrone tuturane. Ragam kasebut dituturake nalika bocah balita kasebut dolanan numpak

bis-bisan ing plataran sekolahan karo kanca-kancane. Nalika lagi dolanan bis-bisan ana mitra tuture kang kepengin mudhun, bocah balita lanang kasebut mrentahake marang mitra tutur kang nglakokake dolanan unyer-unyeran supaya ngendhegake dolanane kanthi nggunakake ragam Indonesia-Inggris. Tuturan kang nuduhake yen bocah balita kasebut nggunakake ragam kasebut yaiku 'Stop-stop mau turun mau...'. Ragam Indonesia ing kene minangka ragam basa dhasar kanggo cecaturan, dene ragam Inggris minangka ragam basa kaloro kang digunakake bocah balita kasebut sawise basa Indonesia. Ragam Inggris kang digunakake ing tuturan kasebut yaiku tembung 'stop-stop'. Tuturan kasebut digunakake maksude kanggo ngongkon kancane supaya mandhegake dolanan unyer-unyeran amarga arep ana mitra uture kang mudhun. Kahanan nalika bocah balita kasebut nuturake ragam basa kasebut emosi stabil.

Ragam Dialek Blitaran

Peristiwa Tutur 6 (LD. XI, kaca 111)

- BW2: Walaikum salam, mangga didahar!
Peh nggilani bocah iki
*(Walaikum salam, silahkan dimakan!
Pehh menjijikan anak ini)*
- BW1: Aemmm. Mbak aku lek balik dipek lho
(Aemm. Mbak aku kalau pulang duluan ya?)

Dhata (6) kasebut minangka tuturane bocah balita wadon kang jenenge Titis lan Sinta murid nol besar kang umure limang taunan saka TK AL-Hidayah Wonorejo II. Tuturan kasebut diucapake nalika bocah balita kasebut nalika bocah balita kasebut dolanan tamu-tamu ing jero kelas nalika wektu ngaso. Salah siji saka tuturane bocah balita wadon kasebut, yaiku bocah balita wadon (BW2) kang jenenge Titis nggunakake ragam dialek sajrone tuturane. Tuturan kang nuduhake yen bocah balita kasebut nggunakake ragam dialek sajrone tuturane yaiku penganggone tembung [pɛh]. Ragam kasebut dituturake kanggo ngekspresikake rasa kuciwane dheweke marang tumindake kancane. Ragam kasebut biasane dituturake kanggo ngeskpresikake pangrasane wong dhaerah Blitar kang weruh kedadeyan kang nyenengake utawa suwalike. Amarga bocah balita kasebut urip ing kutha kasebut lan kaiket dening kabudayan sarta sesambungan karo masarakat ing kutha kasebut mula dheweke nggunakake ragam dialek sajrone tuturane. Tuturane bocah balita kasebut ngandhut ragam dialek maksude kanggo menahi sindhiran marang mitra tuture supaya tumindak kang sopan. Kahanan nalika bocah balita kasebut nuturake tuturane kanthi emosi.

Ragam Kasar

Peristiwa Tutur 7 (LD. XVI, 115)

- ...
- BL2: Ora isa we?
(Kamu bisa pa nggak?)

- BL1: Duhh tak pisuhi tenan ooow raisa-raisa, pinter o aku ki, kondhang.
(Duh, tak katin jelek lho tidak bisa-tidak bisa, pintar lho aku ini, terkenal)
- BL2: Kondang ko ndi?
(Terkenal dari mana?)
- BL1: Taimu ko ndi?
(Berakmu dari mana?)
- BL2: Penak Le Le penak banget o Le Le
(Mudah le le enak banget kok le le)
- BL1: Tai. Duh pisuhi
(Berak, Duh tak katin jelek)
- BL2: Penak banget iki
(Sangat mudah ini)

Dhata (7) kasebut nuduhake yen saperangan bocah balita lanang ing TK AL-Hidayah Wonorejo II uga nggunakake ragam kasar nalika cecaturan karo mitra tuture. Ragam kasebut diucapake dening Haki lan Yanuar nalika ngrakit gambar puzzle ing jero jero kelas wektu ngaso. Nalika ngrakit puzzle, bocah balita lanang (BL1) utawa Yanuar ora bisa ngrampungake puzzle kaya kanca-kancane. Amarga prekara kasebut bocah balita (BL1) diisin-isin dening bocah balita lanang (BL2) tumrap kabisane ngrampungake puzzle. Bocah balita kasebut banjur ora trima tumrap ukara-ukara kang dituturake marang dheweke. Bocah balita lanang (BL1) banjur ngekspresikake rasa mangkele marang kahanan kang lagi ditandang kanthi nggunakake ragam kasar sajrone tuturane. Ragam kasebut digunakake sajrone tuturane amarga bocah balita kasebut rumangsa diremehake. Ragam kasar kang dituturake bocah balita (BL1) kasebut yaiku tembung 'tai'. Tembung 'tai' dianggep minangka tembung kasar, amarga tembung kasebut duweni teges minangka rereged kang metu saka badane wong kang ora pantes yen dituturake nalika ora ana gayutane karo kahanan kasebut. Ragam kasebut diarani kasar amarga tembung 'tai' diucapake kanthi intonasi kang dhuwur, dituturake kanthi kahanan emosi kang ora stabil. Tuturane bocah balita kasebut duweni maksud kanggo mbela awake nalika diremehake mitra tuture. Kanthi ngucapake ragam kasebut diajab mitra tutur kang ngremehake bisa mandhegake anggane ngelok-elokake.

Tembung (diksi) kang digunakake sajrone cecaturane bocah balita ing TK AL-Hidayah Wonorejo II Kecamatan Srengat Kabupaten Blitar Peristiwa Tutur 8 (LD. III, kaca 105)

- BL1: Padha madhep rono! Ke Malaysia bos, bos-bos ke Malaysia mau?
(Sama-sama hadap sana! Ke Malaysia bos, Bos-bos ke Malaysia mau?)
- BL3: Aku tak mikir dhisik.
(Aku akan berpikir dulu)
-

Dhata (8) kasebut minangka tuturane bocah balita lanang kang jenenge Faza lan Zaki. Bocah balita

kasebut umure limang taunan saka kelas nol besar TK AL-Hidayah Wonorejo II. Tuturan kasebut diucapake nalika dolanan bis-bisan ing plataran sekolahan. Nalika cecaturan, bocah balita lanang (BL1) nggunakake tembung ‘bos’ sajrone tuturane. Tembung kasebut diucapake kanggo nyeluk kancane lanang (BL3). Tuturan kang nuduhake yen bocah kasebut nggunakake tembung kasebut yaiku ‘...ke Malaysia bos, Bos-bos ke Malaysia mau?’. Bocah balita kasebut nggunakake tembung ‘bos’ ing tuturane ora nggunakake tembung sebutan jenenge ancasa kanggo ngakrabake paseduluran antarane kaloro bocah balita kasebut. Saliyane kanggo ngakrabake paseduluran, tembung kasebut ing tuturane maksude kanggo ngormati kancane kang jenenge Zaki kang dianggep minangka bocah balita kang paling nakal ing sapantarane. Kanthi nggunakake tembung kasebut diajab mitra tutur kang dituju bisa melu gabung karo bocah balita kang ngucapake tuturan kasebut. Tembung kasebut bisa digunakake dening bocah balita kasebut amarga niru saka wong kang ana sakiwa tengene, kayata sopir angkutan kang kerep dideleng nalika dheweke numpak bis, utawa bisa uga weruh kulawargane nalika nyeluk mitra tuture. Kahanan nalika nuturake tuturan kasebut kanthi nggunakake emosi kang stabil.

Peristiwa Tutur 9 (LD. XIV, kaca 113)

- BW1: Sapa sing gelem ngguwakne kuwi, engko diweki mimik.
(*Siapa yang mau menguak itu, nanti dikasih minum*)
- BW2: Aku ya sangu mimik.
(*Saya juga membawa minum*)
- BW1: Ombe nok.
(*Minuman itu*)

Dhata (9) kasebut minangka tuturane Fifin lan Salsa murid nol besar ing TK AL-Hidayah Wonorejo II. Bocah balita kasebut umure limang taunan. Tuturan kasebut diucapake bocah balita kasebut nalika dolanan unyer-unyeran ing plataran sekolahan. Nalika cecaturan, bocah balita (BW1) nggunakake tembung ‘mimik’ sajrone tuturane. Tuturan kang nuduhake yen bocah balita kasebut nggunakake tembung kasebut yaiku ‘Sapa sing gelem ngguwakne kuwi, engko diweki mimik’. Tembung ‘mimik’ ing tuturane bocah balita kasebut diucapake kanggo nyebut banyu ombe. Bocah balita kasebut nggunakake tembung kasebut ora nggunakake tembung ‘mangan’ amarga anane piwulangan saka wong tuwane ngenani penganggone tembung alus nalika cecaturan karo mitra tuture. Iki amarga bocah balita kasebut durung bisa nggunakake undha-usuk basa nalika cecaturan karo wong liya. Dadi tembung kasebut digunakake bocah balita kasebut sajrone tuturane maksude kanggo pakuramatan marang mitra tuture, kanthi mangkono dheweke rumangsa wis nglakoni prinsip kesopanan nalika cecaturan karo mitra tuture. Kahanan nalika nuturake tuturan kanthi emosi kang stabil.

Peristiwa Tutur 10 (LD. XX, kaca 118)

- BL3: Minta baksonya.
(*Minta baksonya*)
- BW1: Sampeyan tau maem bakso ye?
(*Kamu pernah makan bakso ya?*)
- BL3: Wis tau maem bakso nek kono.
(*Sudah pernah makan bakso disana*)
- BW1: Ping pira?
(*Berapa kali?*)
- BL3: Ping akeh
(*Sudah beberapa kali*)

Dhata (10) kasebut minangka tuturane Faza lan Fifin murid saka TK AL-Hidayah Wonorejo II. Bocah balita kasebut saka kelas nol besar saka TK kasebut. Tuturan kasebut diucapake nalika dolanan bandhulan ing plataran sekolahan. Nalika dolanan, bocah balita lanang (BL3) kang jenenge Faza nggunakake tembung ‘maem’ sajrone tuturane. Tembung kasebut digunakake ing tuturane kanggo ngarani tumindak mangan. Bocah balita kasebut nggunakake tembung kasebut lan ora nggunakake tembung ‘mangan’ utawa tembung liyane, amarga anane piwulangan saka wong tuwa ngenani penganggone tembung alus kang digunakake dening bocah balita nalika cecaturan karo mitra tuture. Tembung ‘maem’ kang dituturake dening (BL3) duweni maksud menahi ngerti kancane yen dheweke wis tau mangan bakso ing salah sawijine panggonan. Piwulangan ngenani penganggone tembung kasebut dilakoni amarga bocah balita isih durung ngerti undha usuk basa, mula tembung alus kanggo bocah balita diwulangake maksude supaya yen wis gedhe bocah balita kasebut kulina anggane nggunakake tembung krama karo wong liya kang luwih tuwa. Mula, kanthi anane piwulangan kasebut, tembung kang kawetu saka pangucap bocah balita bisa luwih alus lan sopan tinimbang tembung ngoko. Tembung kasebut digunakake dening bocah balita ing tuturane amarga niru pangucap wong tuwane kang nggunakake tembung kasebut nalika cecaturan karo dheweke ing saben dinane. Kahanan nalika bocah balita kasebut ngucapake tembung kasebut emosine stabil.

Tata pangucap tembung kang digunakake sajrone cecaturane bocah balita TK AL-Hidayah Wonorejo II Kecamatan Srengat Kabupaten Blitar

Tata pangucap pawongan saben trap-trapan umur iku beda. Bocah kang isih balita anggane ngucapake tembung beda karo trap-trapan umur sadhuwure. Iku kabeh amarga anane pangaribawa faktor pisik kang diduweni sawijine pawongan. Nalika pisik sehat lan alat pangucap bisa kerja kanthi sampurna, mula pawongan bakal bisa ngucapake tuturan kang kasusun saka hurub konsonan lan vokal

kanthi lancar lan fasih. Nanging sajrone nglakoni panliten ing TK AL-Hidayah Wonorejo II ana saperangan bocah balita ing TK kasebut kang isih durung sampurna anggane ngucapake konsonan tartamtu, kayata fonem /r/, /l/, /s/ lan /dh/. Nalika nuturake tuturan kang ngandhut fonem-fonem kasebut, saperangan bocah balita ing TK kasebut ngucapake fonem liya kanggo ngganti fonem kang durung bisa diucapake kanthi sampurna. Prekara kasebut tuladhane fonem /r/ diucapake [l], /l/ diucapake [r], /s/ diucapake [c], /dh/ diucapake [t], lan /s/ diucapake [ts]. Tata pangucapane bocah balita kasebut ngenani fonem-fonem kasebut kaandhar ing ngisor iki.

**Pangucapan Konsonan /r/ dadi /l/
Peristiwa Tutur 11 (LD. I, kaca 103)**

- BL1: Wis, pun?
(*Sudah, sudah?*)
BL3: Mpun penuh!
(*Sudah penuh!*)
BL1: Kurang satu, kurang siji Nayla kuwi Nayla.
(*Kurang satu, kurang satu Nayla itu Nayla*)
BW: Mpun? Ayo mlulut-
[mlurut] (trepe fonem /l/ diucapake [r])
(*Sudah? Ayo meluncur*)

Dhata (11) kasebut minangka tuturane Faza, Anton, lan Fifin murid saka TK AL-Hidayah Wonorejo II. Bocah balita kasebut umure papat nganti limang taunan kelas nol kecil lan nol besar saka TK kasebut. Tuturan kasebut diucapake nalika bocah balita kasebut dolanan plurutan ing plataran sekolahan. Nalika dolanan plurutan, ana bocah balita wadon kang ngucapake fonem /r/ diucapake dadi alofon fonem /r/ yaiku [l]. Prekara kasebut bisa dideleng nalika bocah balita kasebut ngucapake tembung ‘mlurut’ ing tuturane. Fonem /r/ ing tembung kasebut diucapake padha karo alofon [l]. Fonem /r/ ing tembung kasebut diucapake dipadhakake karo alofon fonem sabanjure yaiku fonem /l/. Pangucapane bocah balita kasebut kaya mangkene [mlulut]. Tuturane bocah balita kasebut maksude ngajak kancane supaya mlurut kanthi bareng-bareng. Pangucapane tembung kasebut trepe kaya mangkene[mlurut]. Prekara kasebut disebabake amarga faktor pisik, mula anggane ngucapake tembung kasebut dislarasake karo kabisane alat pangucapane. Kahanan nalika bocah balita kasebut ngucapake tembung kasebut kanthi emosi kang stabil.

**Pangucapan Konsonan /l/ dadi /r/
Peristiwa Tutur 12 (LD. I, kaca 103)**

- BW: Urer...urer... [ʔulər]-[ʔulər] (trepe kaya mangkene)
(*Ulat...ulat*)
BL1: Ndhik tak pateni!

(*Mana saya bunuh!*)

Dhata (12) kasebut minangka tuturane Nayla lan Faza murid nol besar saka TK AL-Hidayah Wonorejo II. Bocah balita kasebut umure limang taunan. Tuturane bocah balita kasebut diucapake nalika salah siji saka bocah balita kasebut weruh uler kang mrambat ana dolanan unyer-unyerane. Amarga anane prekara kasebut, mula bocah balita wadon ngucapake tembung ‘uler...uler...’ ing tuturane. Nalika ngucapake ukara kasebut, fonem konsonan /l/ dening bocah balita kasebut diucapake dadi alofon fonem /r/. Pangucapane bocah balita kasebut kaya mangkene [ʔurər]. Tuturan kasebut diucapake maksude kanggo menahi ngerti kancane, yen ing dolanan kasebut ana uler. Kanthi mangkono mitra tutur kang ana sakiwa tengene bisa waspadha. Alofon fonem konsonan /l/ kang ana ukara kasebut sejatine diucapake [l], dudu alofon fonem /r/. Pangucapane bocah balita kasebut kaya mangkene [ʔulər]. Prekara kasebut disebabake amarga alat pangucapane bocah balita kasebut isih durung sampurna, mula pangucapan foneme dislarasake karo kabisane alat pangucapane.

**Pangucapan Konsonan /s/ dadi /c/
Peristiwa Tutur 13 (LD. 44, kaca 134)**

- BL4: Hallo pak pulici...pulici
(*Hallo pak pulisi*)
BL3: Hallo pak pulisi reneo, ki enek kancaku akeh sasekolahan! Aku wis telpon.
(*Hallo pak pulisi kesinilah, ini ada temanku banyak satu sekolahan! Aku sudah telpon*)
BL1: Aku wis telpon ada maling, anu ini ndek sekolahan, ndek sekolahan ada maling.
(*Aku sudah telpon ada maling, e..ini di sekolahan, di sekolahan ada maling*)
BL2: Iya.
(*Iya*)

Dhata (13) kasebut minangka tuturane Alex, Akmal, Haki lan Resi murid nol kecil saka TK AL-Hidayah Wonorejo II. Bocah balita kasebut umure kurang luwih patang taunan. Tuturan kasebut diucapake nalika ana bocah balita lanang kang jenenge Resi weruh wong kang durung ditepangi mlebu kelase. Kanggo ngeskpresikake kewaspadaane dheweke ngucapake tuturan-tuturan kang ana gayutane karo pihak keamanan (polisi). Nalika ngucapake tembung ‘polisi’ fonem konsonan/s/ ing tembung kasebut diucapake dadi alofon konsonan /c/. Perkara kasebut bisa dideleng nalika bocah balita kasebut ngucapake ukara ‘Hallo pak pulici...pulici’. Pangucapane tembung kasebut kaya mangkene [pulici]. Tuturan kasebut maksude menahi ngerti kancane yen dheweke nelpon pulisi. Amarga dheweke durung bisa ngucapake alofon fonem /s/ kanthi trep, mula dheweke ngucapake alofon fonem

konsonan /s/ dadi alofon konsonan /c/. Kamangka trepe tembung kasebut diucapake mangkene [pɔlisi]. Prekara kasebut disebabake amarga pangucapane fonem kasebut diselarasake karo kabisane alat pangucapane bocah kasebut.

**Pangucapan Konsonan /dh/ dadi /t/
Peristiwa Tutur 14 (LD. I, kaca 103)**

- BL1: Aduhhh...woi cepet...
(*Aduh woi cepetan!*)
- BL2: Beh suwi men ta Ki Ki peh, Haki ndek mburiku, ayo ndang mlurut, tak surung.
(*Haduh lama banget kamu Ki Ki duh, Haki ada dibelakangku, ayo mluncur aku dorong*)
- BL1: Ayo Ton, sampek penuh sik, biar penuh sik ndhuwur.
(*Ayo Ton, sampai penuh dulu, biar penuh dulu atas*)
- BL3: Penuh alo .
(*Penuh itu lho*)
- BL1: Wis?
(*Sudah*)
- BL2&3: Wis
(*Sudah*)
- BL2: Atuh...Ki Ki Haki, atuh atuh-[aduh-aduh].
(*Aduh....Ki Ki Haki, aduh...aduh*)

Dhata (14) kasebut tuturane Faza, Alex, Anton, lan Finin nalika dolanan plurutan ing plataran sekolahan. Bocah balita kasebut umure papat nganti limang taunan saka kelas nol kecil lan nol besar ing TK AL-Hidayah Wonorejo II. Nalika bocah-bocah balita kasebut cecaturan ngenani prekara arep mlurut, ana salah siji bocah balita kasebut (BL2) ngucapake fonem konsonan /dh/ diucapake dadi alofon fonem /t/. Pangucapane fonem kang kurang trep kasebut ditemokake nalika bocah kasebut ngucapake tembung 'atuh', ing ukara 'Atuh...Ki Ki Haki, atuh atuh'. Fonem konsonan /t/ ing tembung 'atuh' kasebut trepe diucapake alofon fonem /dh/. Mula pangucapane trepe kaya mangkene [aduh]. Pangucapan alofon fonem kang kurang trep kasebut disebabake amarga pangucapane bocah balita kasebut diselarasake karo kabisane alat pangucapane anggone ngucapake fonem kasebut.

**Pangucapan Konsonan /s/ dadi /ts/
Peristiwa Tutur 15 (LD. XV, kaca 14)**

- BL: Sakjane ki jenenge banana lho!
(*Sebenarnya ini namanya pisang lho!*)
- BL: Pitsang- [pisanj] banana...
(*Pisang pisang*)

Dhata (15) kasebut minangka tuturane Saladin lan Sifa murid nol kecil saka TK AL-Hidayah Wonorejo II. Bocah balita kasebut umure kurang luwih

patang taunan. Tuturan kasebut dumadi nalika dolanan ngrakit puzzle kang gambare gedhang. Nalika menahi ngerti mitra tuture yen gambar kang dirakit arupa gambar gedhang, mula dheweke ngucapake fonem /s/ dadi alofon fonem /t/ yaiku [ts]. Pangucapane bocah balita kasebut kaya mangkene [pitsan]. Tuturan kasebut maksude dheweke menahi ngerti kancane yen gambar kang dirakit arupa gambar pisang. Pangucapane tembung kang kurang trep kasebut amarga dislarasake karo kabisane alat pangucapane nalika ngucapake fonem kasebut. Kahanan nalika ngucapake tuturan kasebut kanthi nggunakake emosi kang stabil.

Tujuwan Penganggone Basa kang Digunakake sajrone Cecaturane Bocah Balita TK AL-Hidayah Wonorejo II

Basa minangka perangan kang wigati sajrone komunikasi. Tanpa nggunakake basa, pikiran, rasa pangrasa kang ana dhirine manungsa ora bisa kawedhar marang wong liya kang dadekake ancas saka sesambungan ora bisa kegayuh. Mula kanthi mangkono basa sajrone sesambungan duweni peran kang wigati yaiku minangka piranti kanggo nyampekake makna utawa amanat. Penganggone basa nalika sesambungan iku tujuwane maneka warna. Akehe tujuwan penganggone basa kasebut gumantung tumrap ancas kang arep digayuh. Prekara tujuwan penganggone basa kasebut uga bisa kita deleng ing ukara kang dituturake dening bocah balita ing TK AL-Hidayah Wonorejo II nalika cecaturan karo mitra tuture. Ing tuturane bocah balita kasebut, tujuwan penganggone basa bisa diprang dadi telu yaiku berita (*deklaratif*), interogatif (*pitakon*), lan prentah (*imperatif*), kang bakal kaandhar kaya ing ngisor iki.

Tuturan kang Mujudake Berita (*Deklaratif*)

Tuturan kang diucapake dening bocah balita nalika cecaturan karo mitra tuture wujud maneka warna, salah siji wujud tuturan kasebut yaiku deklaratif. Tuturan deklaratif minangka tuturan kang ngandhut makna pernyataan. Tuturan kasebut diucapake tujuwane kanggo nyatakake samubarang. Tuturan kang ngandhut tujuwan kasebut uga bisa dideleng nalika bocah balita ing TK AL-Hidayah Wonorejo II cecaturan karo mitra tuture, kaya ing ngisor iki.

Peristiwa Tutur 16 (LD. VIII, kaca 110)

- ...
- BL2: Menang!
(*Menang!*)
- BL1: Kudu padha Le!
(*Harus sama le!*)

Dhata (16) kasebut minangka tuturane Yanuar lan Fadil murid saka TK AL-Hidayah Wonorejo II nalika dolanan nyusun barang ing jero kelas. Bocah balita kasebut umure limang taunan saka kelas nol besar. Nalika bocah balita kasebut balapan nyusun barang, salah siji saka bocah balita lanang (BL2) kang jenenge Fadil ngucapake ukara kang mujudake tujuwan deklaratif utawa berita. Tuturan kang nuduhake prekara

kasebut yaiku ukara ‘Menang!’. Ukara kasebut dituturane nalika bocah balita lanang (BL2) kasebut rampung anggone nyusun barang. Ukara kasebut dituturake maksude kanggo nyatakake yen dheweke menang utawa dadi juwara ing balapan nyusun barang kasebut. Kahanan nalika bocah balita kasebut nuturake ukara kasebut kanthi emosi kang stabil.

Tuturan kang Mujudake Pitakon (*Interogatif*)

Saliyane tuturan kang wujud deklaratif, tuturane bocah balita ing TK kasebut uga duweni wujud interogatif. Makna interogatif yaiku makna pitakonan. Makna kasebut tujuwane kanggo nakokake samubarang. Makna kasebut digunakake sajrone tuturane bocah balita nalika cecaturan karo mitra tuture, kaya dhata ing ngisor iki.

Peristiwa Tutur 17 (LD.V, kaca 108)

- BL1: Gak oleh turun, olehe numpak, sepuluh ribu!
(*Tidak boleh turun, bolehnya naik, sepuluh ribu!*)
- BL2: Woi pak bu berapa?
(*Woi pak bu berapa?*)
- BL1: Sudah dibayari. Kamu mau kemana?
(*Sudah dibayari. Kamu mau kemana?*)

Dhata (17) kasebut minangka tuturane Faza lan Zaki murid saka TK AL-Hidayah Wonorejo II nalika dolanan bis-bisan nggunakake salah siji dolanan unyer-unyeran ing plataran TK. Bocah balita kasebut umure limang taunan saka kelas nol besar ing TK kasebut. Nalika dolanan bis-bisan, bocah balita kasebut ngucapake ukara kang nggunakake tembung panyusune tembung Indonesia kang wujud interogatif. Tuturan kang nuduhake prekara kasebut yaiku ‘Woi pak bu berapa?’. Ukara kasebut dituturake dening Zaki (BL2) nalika bocah balita kasebut nakokake cacah wilangan dhuwit kang kudu dibayar nalika numpak bis marang pak kernet yaiku (BL1) kang sadurunge ngomongake ngenani tarife bis. Kanthi mangkono, mitra tutur kang ditakoni karo ukara kasebut kudu njawab kanthi tuturan ukara kang nyatakake wilangan dhuwit kaya ukara kang ditakokake dening (BL2). Tuturan kasebut diucapake kanthi emosi kang stabil.

Tuturan kang Mujudake Pakon (*Imperatif*)

Saliyane nggunakake kaloro makna kaya kaandhar ing dhuwur, bocah balita kasebut uga nggunakake ukara kang wujud *imperatif*. Makna *imperatif* yaiku makna prentah. Makna kasebut diucapake tujuwane kanggo mrentah utawa njaluk samubarang. Ukara *imperatif* kang digunakake dening bocah balita kasebut kaandhar kaya ing ngisor iki.

Peristiwa Tutur 18 (LD. III, kaca 105)

- BL1: Padha madhep rono!
(*Sama hadap sana!*)

- BL1: Ke Malaysia bos, bos bos ke Malaysia mau?
(*Ke Malaysia bos, bos bos ke Malaysia mau?*)
- BL3: Aku tak mikir dhisik.
(*Aku akan berpikir dulu*)
-

Dhata (18) kasebut minangka tuturane bocah balita lanang kang jenenge Faza lan Zaki. Bocah balita kasebut umure limang taunan saka kelas nol besar kang umure limang taunan saka TK AL-Hidayah Wonorejo II. Tuturan kasebut diucapake nalika bocah balita kasebut dolanan bis-bisan ing plataran sekolahan. Nalika dolanan, ana saperangan bocah balita kang lungguhe sakarepe dhewe kang bebayakake badane. Mula bocah balita lanang (BL1) ngucapake ukara kang tujuwane imperatif sajrone tuturane. Tuturan kang nuduhake prekara kasebut yaiku ‘Padha madhep rono!’. Tuturan kasebut kalebu ukara kang duweni wujud imperatif *intruksi* amarga nalika ngucapake tuturan kasebut intonasi swara kang digunakake surasane ngongkon kancane supaya nglakoni tumindak kaya kang dikarepake bocah balita lanang (BL). Ukara kasebut dituturake maksude kanggo ngongkon wong liya supaya nglakoni tumindak lungguh madhep arah kang bener kaya kang diprentahake bocah balita lanang (BL). Tuturan kasebut diucapake dening bocah balita (BL1) amarga niru saka wong kang ana sakiwa tengene, kayata sopir angkutan kang kerep dideleng nalika dheweke numpak bis. Kahanan nalika bocah balita kasebut ngucapake tuturane kanthi emosi.

PANUTUP Dudutan

Adhedhasar saka masalah-masalah panliten kang kaandhar ing bab-bab sadurunge, asil saka panliten iki bisa didudut, kaya mangkene. Ragam basa kang digunakake dening bocah balita lanang lan wadon TK AL-Hidayah Wonorejo II iku werna-werna, ing antarane ragam Jawa-Indonesia, Indonesia-Jawa, Arab-Jawa, Jawa-Inggris, Indonesia-Inggris, ragam kasar lan ragam dialek. Ragam-ragam kasebut dituturake kanthi maksud tartamtu kang dilandhesake marang konteks situasional lan sosiokultural.

Tembung (diksi) kang digunakake dening bocah balita nalika cecaturan karo mitra tuture yaiku niru tembung-tembung kang kerep digunakake dening wong kang ana sakiwa tengene. Ing perangan tata pangucape tembung bocah balita ing TK AL-Hidayah Wonorejo II ana saperangan kang durung sampurna nalika ngucapake fonem tartamtu. Durung sampurnane anggone ngucapake fonem kasebut disebabkan amarga faktor pisik saka alat pangucape bocah balita kasebut, kayata lambe, untu, ilat, lsp kang penganggone durung sampurna kaya wong diwasa. Kanthi mangkono mula ana fonem /r/, /l/, /s/, /dh/, lan /s/ kang diucapake ora trep kaya samesthine. Fonem kasebut diganti karo fonem liya kayata /r/ dadi /l/, /l/ dadi /r/, /s/ dadi /c/, /dh/ dadi /t/, lan /s/ dadi /ts/. Dene tujuwan

penganggone tembung kang digunakake bocah balita kasebut ing tuturane yaiku (1) tuturan kang mujudake makna *deklaratif* utawa berita, (2) tuturan kang mujudake makna *interogatif* utawa pitakon, lan (3) tuturan kang mujudake makna *imperatif* utawa pakon.

Pamrayoga

Panliten ngenani ragam basa balita ing TK AL-Hidayah Wonorejo II kanthi tintingan sosiopragmatik iki isih adoh saka sampurna. Mula saka kuwi saran kang asipat mangun dibutuhake kanggo nyampurnakake panliten kang ana. Kanthi mangkono diajab ana panliten-panliten anyar kang luwih jero kang nggunakake tintingan sosiopragmatik.

KAPUSTAKAN

- Ainurahmah, Isti. 2013. *Ragam Basa lan Strategi Tindak Tutur Pedagang Asongan Ing Terminal Minak Koncar Kabupaten Lumajang*. Skripsi S1. Jember: Program Studi Pendidikan Bahasa dan Sastra Indonesia, Jurusan Pendidikan Bahasa dan Seni, Fakultas Keguruan dan Ilmu Pendidikan, Universitas Jember.
- Basir, Udjang Pr. M. 2010. *Sosiolinguistik: Pengantar Kajian Tindak Berbahasa*. Surabaya: Bintang.
- Chaer, Abdul lan Leonie, Agustina. 2004. *Sosiolinguistik Perkenalan Awal*. Jakarta: Rineka Cipta.
- _____. 2010. *Sosiolinguistik Perkenalan Awal*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Djayasudarma, Fatimah. 1993. *Metode Linguistik: Ancangan Metode Penelitian dan Kajian*. Bandung: Eresco.
- Keraf, Gorys. 1970. *Tata Bahasa Indonesia*. Flores: Nusa Indah.
- Kridalaksana, Harimurti. 2008. *Kamus Linguistik*. Jakarta: PT. Gramedia Pustaka Utama.
- Lia, Rusdiana. 2015. *Ragam Basa Sajrone "Buku Kidung-Kidung Kesucian" ing Pura Mangku Jaya, Desa Kradenan, Kecamatan Purwoharjo, Kabupaten Banyuwangi*. Skripsi S1. Surabaya: Jurusan Bahasa dan Sastra Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya.
- Maharani, Elia Putri. 2011. *Ragam Bahasa Remaja dalam Situs Jejaring Sosial Facebook*. Skripsi S1. Jember: Jurusan pendidikan Bahasa dan Seni, Fakultas Keguruan dan Ilmu Pendidikan, Universitas Jember.
- Mahsun. 2005. *Metode Penelitian Bahasa: Tahapan Strategi, Metode, dan Tekniknya*. Edisi Revisi. Jakarta: PT. Raja Grafindo Persada.
- Rahardi, Kunjana. 2009. *Sosiopragmatik*. Yogyakarta: Erlangga.
- Syafarudin, Pramesta Annisa. 2015. *Ragam Basa Gadhen ing Kutha Mojosari*. Skripsi S1. Surabaya: Jurusan Bahasa dan Sastra Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya.
- Sasangka, Sry Satriya lan Maryani, Yeyen (Ed.). 2010. *Unggah-Ungguh Basa Jawa*. Jakarta: Yayasan Paramalingua.
- Setiyanto, Aryo Bimo. 2010. *Parama Sastra Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Panji Pustaka
- Sudaryanto. 1993. *Metode Dan Aneka Teknik Analisis Bahasa: Pengantar Penelitian Wahana Secara Linguistik*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.
- Suhardi, Basuki. 2009. *Pedoman Penelitian Sosiolinguistik*. Jakarta: Pusat Bahasa Departemen Pendidikan Nasional.
- Sumarsono. 2010. *Sosiolinguistik*. Yogyakarta: Sabda.
- Surana. 2007. *Fonetik Fonologi*. Surabaya: Bintang Surabaya.
- Sutarto. 2009. *Ragam Basa Lan Panganggone Bocah Balita Ing Surabaya*. Skripsi S1. Surabaya: Jurusan Bahasa dan Sastra Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya.
- Suwito. 1985. *Sosiolinguistik Pengantar Awal*. Surakarta: Henary Offset.
- Tarigan, Henry Guntur. 2009. *Pengajaran Pragmatik*. Bandung: Angkasa.
- Yuditasari, Dwiani. 2006. *Ragam Bahasa Berita Pojok Kulonan Di JTV Surabaya (Kajian Sosiolinguistik)*. Skripsi S1. Surabaya: Jurusan Bahasa dan Sastra Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya.
- Zamzani. 2007. *Kajian Sosiopragmatik*. Yogyakarta: Cipta Pustaka